ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA LANGUAGE

4007/

PAPER 1 : Rondedzero neNzwisiso

NOVEMBER 2019 SESSION

Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyo
papepa
roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mubvunzo **mumwe** chete **muChikamu I** nemibvunzo **yose muChikamu II**.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye
izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, N2019.

©ZIMSEC N2019

CHIKAMU I: RONDEDZERO

Zvichakubatsira kuti upedze **awa imwe chete** pachikamu chino.

Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapiwa. Chinyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe**450 ne500** kana kusvitsa mapeji **mana**.

1 **(a)** Zviise panzvimbo yemukuru wechikoro, unyore nhaurwa yekutsanangurira vabereki shanduko yaunzwa nebumbiro idzva redzidzo pachikoro chenyu.[50]

(b) Muroyi royera kure kuti vepedyo vagokureverera. [50]

(c) Nyora hurukuro pakati peshamwari mbiri dziri kukakavadzana, mumwe achiti Tekinoroji yavandudza upenyu hwavanhu mune zvakanaka, mumwe achitiwo yaparadza mararamiro kwawo evanhu. [50]

(d) Nyora nyaya inopedzisira nemashoko anoti, "Uku ndiko kwakave kubudirira kwemhuri." [50]

(e) Chitendero changu. [50]

(f) 'Kuva nebhizimisi rako, kuri nani pane kushandira umwe munhu.' Unotii nepfungwa iyi? [50]

(g) Nyora tsamba kumumiriri wedunhu renyu Muparamende uchitaura nezveshanduko yakaitika mudunhu menyu kubva zvavapinda pachigaro. [50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2 Nyatsoverenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yose inoitevera neChiShona chakanaka.

Mangwana acho wava Muvhuro, George naMusiiyiwa vakamukira nomuriwo kuKa
Mushure mokutengesa vakapfuurira kuenda kuChinhoyi kwavakandosiya moto
ichigadzirwa. Manheru omusi iwoyo, Kamukombe akaona motokari isipo paruva
ndokupinda mukati achiratidza kudhakwa. Akasvikowana amai vaTendai vari muri
yokubikira, sadza riri pamoto. Paakazoziva kuti mukoma wake ainge as
neramangwana racho rose akabva aswedera pedyo nemoto, achinyepera kutonhor
Akazopakurirwa sadza kuti adye iye ndokutanga kupenengura ndiro yousavi.
"A! Maiguru ndicho chii ichochi?"
"Isadzaka babamudiki, rinotove nenyama yemombe, idyai."
"Ini chaiye munin'ina waGeorge ndingadye nenyama yemombe?" Akad
achizvirova dundundu.
"Mange muchida kudya nei babamudiki?"
"Huku dzose dzakazara muchirugwi hamungandiurayirewo imwe chete k
kundikangirawo mazai akapfavirira?"
"Babamudiki, mauya kuzotiona here kana kuti mauya kuzondinzwa mukanwa?"
"Ndiri munin'ina waGeorge chaiyeka ini, buda ndibudewo. Chigaranhaka chai
Hapana mumwezve pano kunze kwangu. Kufa hakuna memba."
"Babamudiki, zvose zvamuri kutaura muchiita mutorododo handinei nazvo. Mu
mumba mangu munodya zvamunenge mawana zviripo kwete zvekunditong
hazviite."
"Ndinoda kunzwawo huku inobikwa nemi maiguru."
Inobikwa neni ndiyo inoita sei? Huku ihuku chete. Ini ndini wamakanzwa k
ndinorunga huku neshuga here? Pamusoro pezvo ndinorangarira kuti an
vaMandizvidza ndakavapa huku nemusi weChishanu uno. Havana kukubikirai here
"Ndakabi... zva...ngu, nda.." Kamukombe akandandama.
"Ko nhiyo makumi mashanu dzose dzamakatengerwa nababa vaHazvinei dzatisi
kuzonzwa namainini makadya ari manyana seshiri here?"
"Dzakafa dzose dziya nemvura, maiguru."
"Nekushaya muchengetika?" Akadaro mudzimai avhura maziso.
"Aiwa!"
"Zvino nei?"
"Zvinoda vane mari izvi, maiguru."
Mudzimai waGeorge akamutarisa achikwidza nokudzikisa maziso asingabwairi a
kumuona sechitunha. Akadzungudza musoro oti, "Babamudiki kana mapedza kud
mochienda kumba kwenyu nokuti ndave kuda kunorarisa Hazvinei. Dai kusi k
Tendai haasati auya ndaitokiya gedhi iko zvino,"
"Munonomurarisa zvenyuka modzoka muno tozotandara."
"Tichitaurei?"

"Handiti ndiri chigaranhaka?" Akadaro achiswedera pedyo naamai vaTendai.
Mudzimai akabva azviona kuti kuramba achitsanangura kwaiva kuparadza nguva. Akasimuka akabata mwana wake ruoko achipa yambiro yokuti paaizodzokamo aida kuzomuwana asisimo. Kamukombe akazvitora sedambe ndokuramba akakomba choto achipuruzira mipimbira, chimonera chakarumwa chichitorototswa. Amai vaTendai zvavakapindamo vachimuona achirimo vakabva vatanga kudedera nehasha.
"Babamudiki muchiri muno nazvino?" Akadaro amire pamusuo.
"Garai pasi maiguru titandare. Maita sei kunge muri kungovhunduka-vhunduka. Pfavirai ngoma usiku hurefu, maiguru."
"Munoda kuti ndinodaidza amai vaMandizvidza here kana kuti tipedzerane neni?"
"Amai vaMandizvidza vanei nazvo zvevaviri?"
Amai vaTendai vakatanga kurongedza midziyo chinyararire vachigwedebudza.
Kamukombe akatozovhundutswa nedota rondimuka muchoto.
"Aika! Aika!" Akadaro achisimuka akabata ziso rerudyi. "Zvaita sei maiguru?"
"Budai panze! Payadyira handipo painozeyera!"
"Nda... ndaita sei mai...?"
"Ndabvira kare ndichiti endai mhani! Kurumidzai ndisati ndatora mamwe matanho akaoma."
Izvozvo mudzimai ainge akabata tsiga remoto akanongedzera pachipfuva chaKamukombe. Akadududza nenhendeshure achivhereredzwa semusungwa. Ave kubuda pamusuwo akadonha negotsi achibva angosimuka pakare pakare tsiga ndokunzvengeswa-nzvengeswa serichasvitswa pamuromo. Kamukombe akazongoti tendeu, ndiye tsoka ndibereke.
Zvakatsikana satsuro nembwa kusvikira vave kunze kwegedhi.

Ave kudzokera kumba ndangariro dzake dzakatanga kufunga dzichiti, "Ini zvangu ndinenge ndisingade kusvika pakudai nemunhu. Chandinoziva ini Eunice ndechekuti, kurwa, kutuka kana kuchema uchiburitsa misodzi chiratidzo chekukundikana, asi nhasi pana Kamukombe hapana chandange ndichagona kuita kunze kwezvandaita chete. Ini handitambe chiramu nenzira yaange achida kwete. Zvemanyemwe anoitira mukadzi wake. Kutotaura zvake zvenhaka kwandiri. Ndiani akamuudza kuti George akafa anowana ini panhaka? Arere Kamukombe nhaika? Ini ndakada murume mumwe chete George chete chete."

(Yakagadziridzwa kubva muna "Mubairo na D. Hwendaenda.)

(a) Doma hukama huri pakati paGeorge naKamukombe. (1)

(b) Ipa zita remudzimai waGeorge. (1)

(c) Chii chakange chamboitirwa Kamukombe nababa vaHazvinei chinoratidza kuti vaidawo kuti agone kuzviriritira? (1)

(d) (i) Kamukombe airamba usavi hwei mumba mamaiguru vake? (1)

(ii) Nyora dimikira rakashandiswa munyaya rinoreva kuti Kamukombe akamhanya chose otiza maiguru vake. (1)

(e) Doma basa rimwe chete remaoko pane aiitwa nemhuri yaGeorge. (1)

(f) Tsanangura zvinoreva ndevo idzi samashandisirwo adzakaitwa munyaya.

(i) chimonera chakarumwa chichitorototswa (2)

(ii) handitambe chiramu nenzira yaange achida (2)

(iii) akazvitora sedambe (2)

(iv) zvakatsikana satsuro nembwa (2)

(v) buda ndibudewo (2)

(vi) payadyira handipo painozeyera (2)

(g) Tsanangura zvakaita kuti Kamukombe andandame paaitaura namaiguru vake. (2)

(h) Nyora pfupiso yenyaya iyi nemazwi ako asingapfuuri **makumi mashanu.** (10)
[30]